

Klamidya – Fèy Enfòmasyon CDC



Klamidya se yon maladi moun pran nan fè bagay (MST) ki ka trete byen fasil. Si li pa trete, klamidya ka fè li difisil pou yon fanm vin ansent.

Kisa klamidya ye?

[Klamidya](#) se yon MST kouran ki kapab afekte gason tankou fanm. Li ka lakòz gwo dega pèmanan nan sistèm repwodiksyon yon fanm. Sa ka fè li difisil oswa enposib pou li vin ansent pi devan. Klamidya kapab lakòz yon gwosès ektopik (gwosès ki fèt deyò matris la), sa ki ka touye fanm nan.

Kijan klamidya simaye?

Ou kapab pran klamidya lè ou fè bagay nan vajen, nan dèyè, oswa nan bouch avèk yon moun ki gen klamidya.

Si patnè seksyèl ou se gason ou toujou kapab gen klamidya menm si li pa voye (espèm).

Si w te gen klamidya e yo te trete w, ou ka toujou pran enfeksyon ankò. Sa ka rive si ou fè bagay san pwoteksyon ak yon moun ki gen klamidya.

Si ou ansent, [ou kapab transmèt klamidya ba tibebe a pandan w ap akouche](#).

Kijan mwen ka bese chans pou m trape klamidya?

Sèl fason pou evite maladi moun pran nan fè bagay (MST) se pa fè sèks nan vajen, nan dèyè ak nan bouch.

Si w fè bagay regilyèman, ou ka fè sa k annapre yo pou bese chans pou trape klamidya:

- Antann ou ak patnè w pou nou gen yon relasyon estab avèk yon sèl patnè ki te fè tès epi rezilta tès MST yo soti negatif;
- Sèvi ak kapòt latèks [nan fason ki kòrèk la](#) chak fwa w ap fè bagay.

Èske mwen gen chans pou m gen klamidya?

Nenpòt moun ki fè bagay kapab pran klamidya nan fè sèks san pwoteksyon nan dèyè, nan vajen oswa nan bouch. Men, jèn moun ki nan sèks gen pi gwo risk pou gen klamidya. Sa rive akòz konpòtman yo ak faktè byolojik ki kouran pami jèn moun. Gason makomè, gason ki nan fi ak gason an menm tan, ak lòt gason ki fè bagay avèk gason se moun ki riske tou paske klamidya kapab simaye nan fè bagay nan bouch ak nan dèyè.

Pale alèz ak pwofesyonèl swen sante ou, di l laverite. Mande si ou dwe fè tès pou klamidya oswa lòt MST yo. Si ou se yon fanm ki aktif nan sèks e ou poko gen laj 25 lane, ou dwe fè tès pou klamidya chak ane. Si ou depase laj sa epi ou gen faktè risk tankou nouvo oswa plizyè patnè sèks, oswa yon patnè sèks ki gen yon MST, ou dwe fè tès pou klamidya chak ane. [Gason makomè, moun ki nan fi ak gason anmenm tan, ak gason ki fè bagay ak gason parèy yo; ansanm ak fanm ansent ta dwe fè tès pou klamidya.](#)

Mwen ansent. Kijan klamidya kapab afekte tibebe mwen an?

Si ou ansent epi ou gen klamidya, ou kapab transmèt enfeksyon an ba tibebe a pandan akouchman. Sa kapab lakòz yon enfeksyon nan zye oswa nemoni lakay tibebe ki fènk fèt la. Si ou gen klamidya, ou gen anpil chans pou akouche twò bonè.

Si ou ansent, ou ta dwe fè tès pou klamidya nan premye vizit ou fè pandan w ansent lan. Tès ak tretman se pi bon fason pou pa gen pwoblèm sante.

Kijan mwen fè konnen si mwen gen klamidya?

Pifò moun ki gen klamidya pa gen sentòm. Si ou gen sentòm, yo ka pa parèt pandan anpil semèn apre ou fè bagay avèk yon patnè ki enfekte. Menm lè klamidya pa lakòz sentòm, li kapab domaje sistèm repwodiksyon ou.

Fanm ki gen sentòm ka remake

- Yon ekoulman nan vajen li ki pa nòmal;
- Yon sansasyon boule lè l ap pipi.

Kèk nan sentòm kay gason yo se

- Yon ekoulman nan peni yo;
- Yon sansasyon boule lè y ap pipi;
- Doulè ak enflemasyon nan youn oswa toulède boul grenn yo (menmsi sa pa rive anpil).

Gason ak fanm ka enfekte ak klamidya tou nan rektòm yo. Sa rive swa lè yo fè sèks nan dèyè, se yo kap resevwa dechaj, oswa nan transmisyon apati yon lòt sit enfekte (tankou vajen). Menm si enfeksyon sa yo pa souvan gen sentòm, yo kapab lakòz

- Doulè nan rektòm;
- Ekoulman;
- Senyen.

Ou dwe ale kay doktè si w remake youn nan sentòm sa yo oswa si patnè w gen yon MST oswa sentòm yon MST. Sentòm MST yo ka genyen yon doulè k pa nòmal, yon ekoulman ki gen move sant, boule lè w ap pipi oswa w ap senyen anvan règ ou vini.

Kijan doktè mwen ap fè konnen si mwen gen klamidya?

Gen tès laboratwa pou dekouvri si ou gen klamidya. Pwofesyonèl swen sante a ka mande w pou bay yon echantyon pipi oswa ka itilize (oswa mande w pou itilize) yon tanpon koton pou pran yon echantyon nan vajen w pou fè tès klamidya.

Èske klamidya kapab geri?

Wi, klamidya kapab geri avèk tretman ki kòrèk la. Li enpòtan pou ou pran tout medikaman doktè a preskri ou pou trete enfeksyon an. Lè ou pran medikaman an kòrèkteman l ap sispann enfeksyon an epitou li kapab diminye chans pou gen konplikasyon annapre. Ou pa dwe bay okenn lòt moun nan medikaman klamidya a.

Sa rive souvan ou pran enfeksyon klamidya plizyè fwa. Ou dwe fè tès la ankò apeprè twa (3) mwa apre ou fin trete, menmsi patnè seksyèl ou (yo) te trete.

Mwen te swiv tretman pou klamidya. Kilè mwen kapab fè bagay ankò?

Ou pa ta dwe fè bagay ankò jouk lè oumenm ak patnè seksyèl ou (yo) fini tretman an. Si doktè ou preskri ou yon sèl dòz medikaman, ou ta dwe rete tann sèt jou apre ou fin pran medikaman an anvan ou fè bagay. Si doktè ou preskri yon medikaman pou ou pou pran pandan sèt jou, ou ta dwe rete tann jouk lè ou fin pran tout dòz yo anvan ou fè bagay.

Kisa k ap pase si mwen pa trete?

Sa rive anpil ou pa remake premye domaj klamidya ap lakòz. Men, klamidya kapab lakòz pwoblèm sante ki grav.

Si ou se yon fanm, klamidya ki pa trete kapab gaye nan matris ou ak nan twonp falòp ou (tib ki pran ze fekonde yo nan ovè yo pou mennen yo nan matris la). Sa ka lakòz [maladi enflamasyon nan pèlvis \(MEP\)](#). Souvan MEP pa gen sentòm, men kèk fanm ka gen doulè nan vant ak doulè nan pèlvis (basen) yo. Mwenm si li pa gen sentòm nan kòmansman, MEP ka lakòz dega pèmanan nan sistèm repwodiksyon ou. MEP ka bay doulè nan basen pandan anpil tan, [ka fè w paka ansent, epi ka lakòz gwosès ektopik](#) (gwosès andeyò matris la) ki ka tiye w.

Li ra pou gason gen pwoblèm sante ki gen pou wè ak klamidya. Pafwa enfeksyon an simaye nan tib ki transpòte espèm ki soti nan boul grenn yo, sa ki lakòz doulè ak lafyèv. Li ra pou klamidya anpeche yon gason fè pitit.

[Klamidya ki pa trete ka ogmante chans ou tou pou genyen oswa pou transmèt VIH - viris ki lakòz maladi SIDA.](#)

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Division of STD Prevention
(DSTDP)
Centers for Disease Control
and Prevention
www.cdc.gov/std

CDC-INFO Contact Center
1-800-CDC-INFO
(1-800-232-4636)
[Contact CDC-INFO](#)

[CDC National Prevention
Information Network \(NPIN\)](#)
P.O. Box 6003
Rockville, MD 20849-6003
E-mail: npin-info@cdc.gov

[Asosyasyon Ameriken pou Sante
Seksyèl \(American Sexual Health
Association, ASHA\)](#)
P.O. Box 13827
Research Triangle Park, NC
27709-3827
919-361-8488